

**PANGARUH MODEL KOOPERATIF TIPE THINK TALK WRITE
DIBANTU KU MEDIA KOMIK DIGITAL DINA NGARONJATKEUN
KAKAMPIR NULIS KARANGAN NARASI PESERTA DIDIK DI SD.**

**(Panalungtikan Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas V SDN 127 Sekeloa Kota
Bandung)**

Ku

FAZLUR AL ANSHARI

215060022

ABSTRAK

Ieu panalungtikan téh didorong ku kurangna kamampuh nulis narasi siswa di SDN 127 Sekeloa, ogé perluna inovasi dina prosés pangajaran. Sangkan prosés diajar-ngajar henteu terus museur wungkul ka buku atawa guru. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho pangaruh modél kooperatif tipe think talk write dibantuan ku média komik digital dina ngaronjatkeun kamampuh nulis narasi siswa di SDN 127 Sekeloa. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode ékspérimén, tepatna desain kuasi ékspérimén jeung desain non-equivalent control group. Subjek panalungtikan nya éta 30 siswa kelas V A minangka kelas ékspérimén jeung 30 siswa kelas V B minangka kelas kontrol. Data anu geus dikumpulkeun dianalisis ngagunakeun uji normalitas, uji homogénitas, jeung uji hipotésis.. Pedaran prosés pangajaran nuduhkeun yén pangajaran lumangsung kalawan tartib jeung terstruktur. Dina tahap persiapan, panalungtik geus ngararancang modul, lembar observasi, jeung soal tést kaparigelan nulis narasi. Salila kagiatan diajar siswa katémbong antusias jeung mampuh maham matéri anu ditepikeun. Hasil panalungtikan némbongkeun béda, kamajuan jeung pangaruh antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Ieu hal katitén tina nilai sig uji-t 0,006, nilai N-Gain kelas ékspérimén 50%, jeung nilai Effect Size 0,7 anu kaasup kana katégori badag. Ieu hasil nuduhkeun aya pangaruh modél kooperatif tipe think talk write dibantuan ku média komik digital dina ngaronjatkeun kamampuh nulis narasi siswa di SDN 127 Sekeloa.

Kecap Pamageuh: modél think talk write, média komik digital, kaparigelan nulis narasi, sekolah dasar